

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Atikan téh miboga fungsi anu kacida pentingna pikeun ngawariskeun ajén-inajén budaya ti hiji generasi ka generasi sapandeurieunana. Atikan téh (hususna pangajaran sastra) mangrupa usaha kalawan sadar pikeun ngudag tujuan anu dipuseurkeun kana robahna tingkah laku siswa.

Tujuan pangajaran sastra nurutkeun kurikulum biasana ngawengku tilu hal, nyaéta ngusahakeun sangkan siswa miboga pangaweruh sastra, miboga kaparigelan dina widang sastra, jeung miboga sikep nu hadé kana sastra. Anu kahiji aya patalina jeung élmuning sastra, kayaning tiori jeung sajarahna, anu kadua aya patalina jeung prakna ngarang, sedengkeun anu katilu aya patalina jeung sikep (batiniah) siswa kana karya sastra.

Pangajaran sastra anu dianggap suksés nyaéta usaha babarengan antara guru jeung siswa dina hiji proses diajar-ngajar, nepi ka bisa ngahontal tujuan anu geus dijéntrékeun tadi. Ngeunaan mangpaat pangajaran sastra, Yus Rusyana (dina Kosasih, 1989, kc. 1) nétélakeun:

“Pengajaran sastra mempunyai peranan dalam mencapai berbagai aspek dari tujuan pendidikan dan pengajaran, seperti pendidikan susila, sosial, perasaan, sikap penilaian, dan keagamaan.”

Ari anu disebut karya sastra téh mangrupa hasil tina salah sahiji cabang kabudayaan nyaéta kasenian, mediana basa. Seperti hasil kasenian umumna, karya sastra ogé mibanda unsur kaéndahan anu ngaragum ajén éstétika, ajén moral, jeung ajén konsépsional. Éta ajén-inajén téh anu ahirna bisa nimbulkeun rasa kagagas, kataji, éndah, resep, ni'mat, sarta rasa liana anu patali jeung kasugemaan jiwa nu macana. Lian ti bisa nyugemakeun, karya sastra ogé gedé pisan guna jeung mangpaatna sabab bisa mangaruhan sarta bisa nimbulkeun kamungkinan-kamungkinan wawasan anu jembar tur anyar pikeun hirup jeung huripna manusa, anu didasaran ku ajén kamanusaan.

Dumasar kana hakékat jeung fungsina, karya sastra téh mangrupa hasil kabudayaan anu payus meunang perhatian anu daria. Nurutkeun Esten (dina

Kosasih, 1989, kc. 1) karya sastra téh mangrupa ébréhan ngeunaan masalah-masalah manusa jeung kamanusaan, ngeunaan hakékat hirup jeung huripna manusa. Dina karya sastra kagambarkeun ogé kasusah manusa, perjuangan, silih-asih, pacéngkadan, napsu jeung sagala rupa hal anu kaalaman ku manusa sapopoé.

Mungguhing karya sastra téh lain ngan sakadar titiron alam wungkul (*imitation of nature*) atawa titiron kahirupan baé (*imitation of life*), tapi leuwih jembar ti éta eusina mangrupa tafsiran ngeunaan alam sagemblengna jeung kahirupan dunya ieu (*interpretation of life*) (Kosasih, 1989, kc. 2).

Aya pamanggih anu nétélakeun yén upama urang hayang meunang gambaran ngeunaan sosial budaya masarakat hiji bangsa anu hirup dina jamanna, urang kudu maca hasil karya sastrana. Gambaran kahirupan sosial budaya hiji bangsa kasungsi tina wujud karya sastra anu kungsi hirup di jamanna. Ngaliwatan karya sastra bakal katitén tingkat kamajuan hiji kabudayaan, gambaran tradisi anu keur lumangsung, tingkat kahirupan anu geus dihontal ku éta masarakat dina jamanna.

Di antara karya sastra nu dimaksud nyaéta wawacan. Karya sastra wangun wawacan téh baheula mah ngabogaan fungsi jeung kalungguhan anu kawilang penting dina kahirupan urang Sunda. Wawacan téh karangan panjang lantaran suasana carita anu béda-béda, jumlah tokoh anu loba, alur anu ngarandakah, kompkéks, tur ngagunakeun patokan pupuh. Lebah midangkeunana, wawacan téh sok dibaca heula terus ditembangkeun (dibelukeun). Nu matak pagelaran maca wawacan téh sok disebut ogé pintonan *beluk*.

Hal ieu téh luyu jeung pamadegan Ruhaliyah (2013, kc. 2), anu nétélakeun yén wawacan mangrupa karya sastra Sunda nu gumelar dina wangun tinulis, mimitina ku tulisan leungeun (Naskah), tuluy dicitak (buku). Tapi leuwih dipikawanoh dina wangun lisan nyaéta dina pagelaran *beluk*. Malah di sawatara tempat mah pintonan *beluk* téh aya nu nyebut pintonan *gaok*. Ari pintonan wawacan sok dianggap pikeun kapentingan salametan (ritual) jeung kalangenan (hiburan).

Wawacan mangrupa karya sastra tinulis, anapon sumebarna sacara lisan tapi tetep aya dina wangun tinulis, cirina nyaéta naskah. Naskah wawacan bisa asup kana buku sumber sajarah sabab wawacan remen dipaké pikeun ngaguar sajarah peradaban jaman baheula. Katitén dina ébréhan Tomas Warton (dina Koswara,

2013, kc. 10) yén sastra téh gudangna adat-istiadat, buku sumber sajarah peradaban, utamana mah sajarah timbul jeung tilemna sumanget kasatriaana. Ku sabab kitu sastra bisa mesék ihtisar sajarah sosial.

Salah sahiji wawacan anu mungkin sawatara jalma apal kana caritana nyaéta *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*, anu jerona mangrupa gambaran kahirupan masarakat jaman baheula. Hal ieu téh katitén tina eusina anu ngébréhkeun paripolah, naon nu dipikirkeun jeung naon nu dirasakeun, sarta carita nu euyeub ku amanat sosial. *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* salah sahiji wawacan lamun nilik kana guluyuran eusi caritana, bisa disebut dongéng. Euyeub ku rupa-rupa ajén-inajén di antarana ajén budaya. Sabab di jerona ngawengku unsur paripolah masarakat jaman harita, adat istiadat, jeung kayakinan pikeun pieunteungeun jaman kiwari.

Dina raratan naskah wawacan geus pasti aya pangarang atawa nu nulisna, éta nu ngabalukarkeun wawacan mangrupa karya sastra anu kapangaruhan ku kahirupan jaman harita, mangrupa produk tina budaya. Ari budaya téh mangrupa ciri maju atawa mundurna hiji bangsa, sabab katitén dina hirup kumbuhna masarakat dina kahirupan sapopoé. Budaya di antarana ngawengku ajén, kayakinan, paripolah, adat (kabiasaan), sarta hubungan jeung papada manusa. Ayana kamajuan jaman, budaya di masarakat beuki dieu beuki maju. Kroeber jeung Kluckhohn (dina Liliweri 2014, kc. 5) nétélakeun yén dina salah sahiji sisi, kabudayaan ditilik salaku produk tina tindakan manusa, di sisi séjén kabudayaan satuluyna salaku elemén pengkondisian tindakan manusa.

Hubungan tina ajén budaya jeung wawacan nyaéta saperti nu diébréhkeun saméméhna yén wawacan euyeub ku rupa-rupa ajén-inajén di antarana budaya. Perlu diguar ayana ajén budaya dina wawacan sabab wawacan bagian tina karya sastra, ari sastra téh seni nu mangrupa hasil tina budaya, sabab mangrupa pikiran, karya jeung hasil karya manusa anu nyumponan kahayang kana kaéndahan, sacara singkat yén kabudayaan nyaéta kasenian (Koentjaraningrat, 1985, kc. 1). Ajén budaya penting diguar pikeun mikanyaho pikiran, karya, jeung rasa nu aya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* pikeun ngajembaran élmu ngeunaan pangaruh tina paripolah masarakat anu diwujudkeun kana guratan karya sastra.

Tapi kiwari, tong boro kana ajén budaya nu aya dina wawacan, utamana dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*, kana wawacana sorangan ogé can tangtu

arapaleun, komo di kalangan rumaja. Sabab kiwari wawacan kurang perhatian ti masarakat, malah bisa jadi *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* mah geus jarang aya nu apaleun caritana. Komo deui pasualan ajén inajén hususna ajén budaya nu nyangkaruk di jerona, sabab geus robah jaman jeung kabiasaan. Padahal wawacan mangrupa titinggal karuhun kaasup *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*, nu biasana baheula ngan éta nu jadi kagitan inti di masyarakat, ayeuna geus robah ku rupa-rupa tontonan jeung bandunganeun ngaliwatan media éléktronik. Robahna jaman teu dibarung ku kasadarana salaku titis waris budaya ti karuhun anu balukarna teu méré mangpaat kabalaréa sabab naskahna ngan ukur diteundeun teu dibaca-baca acan.

Pentingna kasadaran pikeun mikanyaho eusi wawacan, hususna wawacan *Carita Kuya Kajajadén*, perlu ayana informasi pikeun méré nyaho rumaja-rumaja jaman kiwari anu teu apal kana wawacan kaasup eusina. Ku cara ayana pangajaran di lembaga formal atawa non formal boh ngaliwatan pangajaran sastra boh sejarah, atawa nu séjénna. Pangajaran basa jeung sastra miboga tujuan pikeun ngamunculkeun ajén kareueus kana basa jeung sastra salaku bagian tina kahirupan sapopoé, boh anu eusina carita, boh anu eusina paélmuan ngeunaan sejarah jeung nu séjéna.

Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan anu kacatet di pabukon Departemen Pendidikan Bahasa Daérah jeung Perpustakaan UPI, di antarana aya “Ajén Budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh Pikeun Bahan Pangajaran di SMP” Dewi Handayani entragan 2008. Medar ngeunaan ajén budaya dina wawacan laju dipatikeun jeung pangajaran “Ajén Budaya dina Novel Baruang Kanu Ngarora” Thaifur Abu Yazid entragan 2011. Nalungtik ajén budaya dina karya sastra nyaéta novel. Dijadikeun référénsi, sabab sarua medar ngeunaan ajén budaya dina karya sastra tapi ieu mah sastra modéren, jeung “Ajén Atikan dina Wawacan Juag Tati (Analisis Struktur & Étnopédagogik)” Vega Aulia Fauziah entragan 2012. Anu nalungtik ajén atikan ngaliwatan étnopédagogik dina wawacan, sarta aya deui nu séjéna anu hampir sawanda.

Sanajan sawanda jeung panalungtikan nu saacana, tapi saéstuna mah aya bédana, nyaéta dina tataran objék anu ditalungtik tuluy dipatalikeun jeung pangajaran maca. Ku kituna ieu panalungtikan dibéré judul: “Ajén Budaya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP”. Anu nalungtik ajén budaya dina wawacan sangkan méré pangaweruh kana karya sastra buhun jeung pakaitna kana kabudayaan jaman harita, kumaha struktur eusina, sarta kumaha patalina jeung pangajaran maca.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar saméméhna, sangkan leuwih museur ambahanana, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan, ngulik ngeunaan struktur carita jeung ajén budaya, sarta patalina jeung bahan pangajaran dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*?
- 2) Kumaha struktur carita dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*?
- 3) Ajén budaya naon waé nu aya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*?
- 4) Kumaha larapna *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* pikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan Umum dina ieu panalungtikan nyaéta medar ajén budaya anu nyangkaruk dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun;

- 1) Eusi *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*.

- 2) Struktur carita dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*.
- 3) Ajén budaya anu aya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*.
- 4) Bahan pangajaran maca *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi dua bagian nyaéta mangpat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta ieu bisa nambahan pangaweruh nu maca sarta bisa jadi salah sahiji référénsi ngeunaan sastra hususna nu pakuat-pakait jeung *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* sastra kaidah-kaidah budaya.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa jadi tinimbangan utamana Pamaréntah supaya merhatikeun kana warisan budaya supaya leungit kalindih ku kamajuan jaman nyaéta wawacan. Khususna widang atikan, sangkan hasil analisis geunaan ajén budaya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif jeung référénsi bahan pangajaran.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- 1) Palungtik, miboga pangalaman maham jeung ngulik ngeunaan wawacan nu patalina jeung struktur sarta ajén budaya anu patali jeung pangajaran.
- 2) Pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan hasil panalungtikan kana *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*.
- 3) Pikeun widang atikan, tina hasil analisis ngeunaan *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran di sakola.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial ieu panalungtikan bisa dijadikeun alat pikeun nambahan pamahaman jeung pangaweruh masarakat utamana ngeunaan ajén budaya dina wawacan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan. Ajén budaya salaku titik pamiangan dina nyorang kahirupan dimasarakat sangkan paripolah anu dipilampah miboga acuan kana kahadéan, sarta leuwih merhatikeun kana ngamumulé hasil budaya heubeul nyaéta wawacan.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Tatapakan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, struktural, ajén budaya, jeung wawacan pikeun bahan ajar maca, ngeunaan panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Métoeu Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan métoeu panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, tehnik gumpulkeun data sarta nganalisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan déskripsi wawacan, struktural, ajén budaya, jeung wawacan pikeun bahan ajar maca. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi eusina mangrupa kacindekan tina eusi skripsi, nyaéta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya implikasi jeung rékoméndasi nu ditepikeun keur nu maca. Tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.

